

**IJAMBO RISHIKIRIJWE NA NYENICUBAHIRO UMUKURU
W'IGIHUGU, VARISITO NDAYISHIMIYE, KU MUSI WO GUHIMBAZA
IMYAKA 60 IRANGIYE
UBURUNDI BUHABUJE INTAHE YO KWIKUKIRA**

Mana nyene urukundo, wewe ivyiza vyose bikomokako,
Amahoro n'umwidegemvyo turimwo mu Burundi tubikesha wewe
ubwawe, Mana Mushoboravyose. Nuninahazwe imyaka n'imyaka.

- Bavukanyi mwese ;
- Barundi, Barundikazi,
- Ncuti z'Uburundi,

1. Aho bukera tuzoba turumije imyaka mirongo itandatu Aburundi basubijwe iteka ryo kwitegekaniriza kazoza kabo.

Muri uku kwezi nyene kwa Mukakaro, neza na neza kw'igenekerezo rya 26 mu 2022, niho Uburundi buzoba burumije imyaka mirongo itandatu nyene bugiye mu mutigiri w'ibihugu bigize ishirahamwe mpuzamakungu, kuko kuri iryo genekerezo niho inama y'umutekano y'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU yemeza, mu cemezo c'173 cemejwe atawuvuyemwo mw'isasa ry'iyona nama rigira 1017, ko Uburundi bubaye kimwe mu bihugu bigize iryo shirahamwe.

Ico mwokwibuka ni uko Uburundi bwari buri mu kwaha kw'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU, Ububiligi bukaba umuhetsi.

2. Munkundire rero nipfurize umusi mukuru mwiza Aburundi bose, aho bari hose, nkeze n'intwari zitanze mu kurwana urwo rugamba, zigiwe imbere n'Umuganwa atari umugani Rudoviko Rwagasore.

Abakiriho barurwanye n'ababibonye na bo turabakeje ko batabarutse. Nibahimbarwe, banezerwe kuko bobo barategera neza ico bahabiye kuko bazi amagorwa bari barimwo ico gihe.

Erega twebwe, abarutse ubu, hari igihe dufata intahe yo kwikukira minenerwe kuko twabaye ba bigwahashashe.

3. Naho biri uko, twibuke ko ihabuzwa ry'intahe y'ukwikukira ryadusubije agateka twari twarambuwe, rituvana mu gisaka c'umwijima ridushira mu gisagara kirangwa n'umuco w'iterambere. Twikukiye rero ngo turwanirize hamwe ico cose codusubiza mu buja, akagaye n'agacinyizo twarimwo mu ntwaro ya ba kavamahanga, kugira ngo tugire ijambo mu gihugu cacu no mu makungu, twitunganirize ivyacu, twinjire mu ntwaro ya demokarasi, aho agateka ka zina muntu kubahirizwa kuri bese.

4. Uwu musu mukuru w'akanyamuneza k'intsinzi ; utubere akaryo keza ko kwisuzuma no gufata ingingo zikomeye zo kurangura ibikorwa bidutera iteka, vyerekana koko ko turi ihanga rishoboye gukora mu mwidegemvyo, ribona iyo rija atawurifashe ukuboko.

Twiyubahirize rero, twubahwe kandi twubahirwe ico tumaze, tugire iteka mu makungu.

5. I civugo c'uwu musu mukuru w'ukwikukira kwacu gishimikiye kuri iyi ntumbero ngo :

« Duture igihugu cacu amaboko, umutima n'ubuzima, Uburundi bugire iteka ».

Iki civugo catowe ngo tumenye neza ko tutaronse intahe y'ukwikukira ngo duce turera amaboko turye ivyo tutabiriye akuya. Ahubwo twikukiye kugira ngo twihe iteka mu kwiteza imbere, dutunge dutunganirwe, ndetse kugira ngo tube mu gihugu tuzi ko

ari itongo rusangi, abaribamwo bategerezwa guhuza umutima n'inama.

Ico ni co gihesha iteka igihugu imbere y'amakungu.

➤ Barundi, Barundikazi,

➤ Ncuti z'Uburundi,

6. Mu guhimbaza uyu musu, ni agahimbare ko kwibuka ivyo twahabuje. Intwari ya ba kavamahanga yaranyaze Uburundi ibitari bike, maze igihugu gisubira inyuma nk'ibirenge. Mbere n'ubu novuga ko ivy'inshi bitarasubira mu buryo kubera izo ntware zamaze imyaka n'imyaka zituranduramwo umuzirikanyi ndangamurundi.

Abarundi bamaze kwinjirana n'ingoma yiganje ku y'UBurundi, bagatangura kugendera ku mategeko ashingiyeye ku mico n'imigenzo y'abanyamahanga, akarangamutima kabo karatitutse, akarangamutima k'uburongozi bw'igihugu cacu karazimangana.

Ivyo rero vyarahungabanije cane umuzirikanyi w'Abarundi kuko bobo bamye bemanga ko ari bene mugabo umwe ari we Burundi, bakayoboka Umwami umwe Sebarundi, bagasenga Imana imwe, bakavuga ururimi rumwe.

7. Imico n'akaranga vyakujije Uburundi n'Abarundi vyacyiye bitituka, biha ikibanza ivy'abanyamahanga ataho bisa bisana n'ivyo Abarundi bari bamenyereye.

Kwa gukunda ibikorwa no gukorera hamwe, aho Abarundi bahana ikivi mu kibiri imisozi bakanzaganya bari mu kanyamuneza, bakivuna umusase atakwinubana iyo batogeje ikivi, biba birasezerewe, kandi ari vyo vyatuma umwimbu uba mwinshi, ibitiba n'ibigege bikabogaboga.

8. Intwaro za ba kavamahanga zaradukuyeko akaranga k'ubumwe bw'Abarundi.

Kugira basambure ubumwe dufitaniye mu Mana, mu gihugu no ku mwami, baciye batubibamwo amacakubiri, bigisha Abarundi ko atari bamwe, aho hose ata kindi bashaka atari uko Abarundi twokwiyibagira, tugata ubwenegihugu bwacu, gurtyo ntidusubire gukunda igihugu catwibarutse n'indongozi zacu.

Ni ico catumye bwa bumwe bwamyeye buranga ba sokuru butosekara, abavukanyi bari basangiye ingovyi n'urugendo batangura kurabana ribi, igihugu cacu kiba kiramijwe uburozi bugoye kurogora.

9. Mu bijanye n'iterambere, umuzo w'intwaro z'abanyamahanga wadukuyemwo ubwenge n'ubuhinga Abarundi twari dufise bwo kwibeshaho.

Imbere y'umuzo w'abanyamahanga Abarundi barigaba bakigaburira bakoresheje ubwenge n'ubuhinga bwabo : Barahingura ibikoresho mu butare bw'Uburundi, barabumba, bakabaza, bakajisha, bakikorera impuzu n'ibindi vyose bakeneye mu buzima bwa misi yose.

Kuva izo ntwaro mvamahanga zishitse, ntawasubiriye guhingura amasuka, imihoro, amacumu, impuzu n'ibindi. Ubu ntaco tugishoboye kwihingurira mu butare bwacu tutakiguriye mu mahanga.

10. Uretse n'ivyo, mu buzima bwacu, imbere y'ukwizirwa n'intwaro z'abanyamahanga, Abarundi bari bafise inyifato ibereye ubuntu. Abarundi barubaha agateka ka zina muntu, bakubaha ababaruta, indongozi zikifata nk'abungere beza.

Ako karangamutima izo ntwaro zarakazimanganije, ahubwo umutima w'umurundi urahindikira, ahahora ubuntu haza ubukoko,

n'indongozi ziribagira ico zijewe, ko ari abavyeyi bakaba n'abungere.

Ni co gituma bamaze kugenda, Abarundi bagumye bazimagirika kuko umuzirikanyi wabo wari waramaze gufata akarangamutima batamitswe n'abanyamahanga kugira tuze twame mu ndyane, baronke ikibagarukana ngo baje kudufasha kwitunganiriza ivyacu.

11. Mu gihe tumaze imyaka 60 duhabuje intahe yo kwikukira, twategerezwa kuba twarateye imbere na cane cane ko abana b'Uburundi bamaze kwiga bakaminuza mu bisata bitandukanye.

Ariko uno musu siko biri, twarize ariko umuzirikanyi wacu uracahumaguzwa kubera twazimiye. Turacahumirije, aho kuraba ico twokora ngo dutere imbere, tukishinga gusamara ngo abamaze gutunga ni bo bazodufasha.

Tukimeze uko, ntituzoba turashikira ukwikukira nyakuri. None umusore yovuga ko yikukiye akiri mu mbari kwa se, akigaburirwa na nyina ?

- Barundi, Barundikazi,
- Ncuti z'Uburundi,

12. Ni vyo, ingaruka mbi z'iyi ntwaro ya ba kavamahanga zarakomerekeje Abarundi bacinjira muri ayo mahano yo kwakwa ijamba n'uburenganzira bwo gutunganya ivyabo.

Ingaruka zavuye na zo zabaye umurengera inyuma y'aho tumariye guhabuza intahe y'ukwikukira. Aho kugaruka kw'itsitso ry'ubuzima bwacu, ahubwo Abarundi cane cane indongozi zatoranye akarangamutima k'intwaro za ba kavamahanga.

Ka karangamutima ko kwubaha indongozi n'amategeko bagataye irarirari.

Mbere niho uwari yaresheje urugamba rwo guhabuza intahe y'ukwikukira Rudoviko Rwagasore, yagandagurwa hadaheze na kabiri atsinze amatora, n'Umushikirangoma wa mbere w'Uburundi Petero Ngendandumwe yari amubiriye aricwa.

Igihugu caciye cinjira mu bihe vy'umuzimiza imyaka n'iyindi, ubwicanyi butegurwa n'aborongoye abandi, bwaka indaro mu gihugu cacu, bwisubiriza uko umwaka utashe gushika no mu 1993, aho Umukuru w'igihugu yitorewe n'abenegihugu Merikiyori Ndadaye yagandagurwa bunyamaswa, ya mbuto mbi y'amacakubiri twabibwamwo n'abanyamahanga ituma Beneburundi basubiranamwo inganda ziratikira kubera kubura indongozi zibanguranya.

13. Mbega ko tumaze imyaka 60 twitwa ko turi mu mwidegemvyo wo gukora ibitunga Aburundi b'ubu n'abazozza, twovuga ko tugejeje ikivi hehe ?

Uwu musu twuhimbaje turiko turatoha kuko hariho ibitari bike tumaze kwikorera tutarinze guhamagara umunyamahanga ngo abidukorere.

Ni uko nyene twari twarasinze, Aburundi bahuje umutima n'inama. Naho hari abacidodomba, benshi muri bo baravugaga bati « Hoba ubu ! »

Ivyo ni ivyo gushimira Imana. Naho yaducishije kure kugira dukire. Uno musu twomera nka wa mwanditsi wa Zaburi yivugaga Imana ku vyo yabakoreye ati :

« Ariko Mana waratugejeje,

Wadutyoroje umuriro kurya batyorora ifeza.

Wadukwegereye mu mutego,

Warajegenyuye amafyigo yacu.

Waturekuriyeko abantu baduhonyora ku gakanu,

*Twacyiye mu muriro no mu mazi,
Ariko waradukuyeyo uradutungisha”*

Imana yarahadukuye; none ni ininahazwe.

14. Turashimishwa n’intambwe tugezeho mu gutsimbataza intahe y’ukwikukira, kuko tubona ko Abarundi bariko baratahura ivyo twacyiyemwo n’imvune vyadusigiye, kandi bakigira inama yo kuvavanura n’iyo ngendo yadusinzikaje.

15. Umwizero w’uko ejo ari heza turawufise mu gihe tutosubira gusamara, ariko kandi Imana y’Uburundi iri kumwe natwe.

Uno musu hariho ababona intambwe mw’iterambere ibihugu vyakamishije neza ukwikukira bigezeho, bakamiramitwa. Natwe nitwibaze ahubwo iyo duca tuja hamwe ku kivi mu 1962 gushika ubu aho tuba tugeze mw’iterambere duce twicuza, twihane ko tutagisubira kurekura iciza twafashe.

Ni ukwama rero turyamiye amajanja, dukora ijoro n’umurango, ntituzohawe duhitanwa n’uruhuherezi isegenya ryari ryaradusize.

- Barundi, Barundikazi,
- Ncuti z’Uburundi,

16. Uburyo nyabwo bwo kubungabunga intahe yo kwikukira, ni ukuja hamwe twese, tugatsimbataza intwari ibereye, tugakora tutiziganya kugira twigabe kandi twigaburire. Nta wuvuga ko yikukiye kandi adashoboye kwitunganiriza urugo rwiwe canke ariko arasega.

Ukwigaba kw'Abarundi ni ugukomeza intwaro ya demokarasi, yubakiye ku mushinge ubereye kandi w'ukuri, twisunze imico n'imigenzo y'Abarundi.

17. Ba sokuru barayamaze ngo : « Ingeso y'urugo ntiyubaka urundi ».

Twikuremwo ko tudategerezwa kugendera ku bigenga intwaro z'abo tudasangiye imico.

Ikindi dukwiye kumenya no kumenyera, ni uko ubutegetsu bukumoka ku benegihugu, bakabuha uwo babona abafitiye imigambi itomoye yo kubateza imbere. Ni na bo kandi basuzuma indongozi bakongera bagafata ingingo ikiringo baba bagutoreye giheze ; bakugomwe bakakwongera, bakuneguye bakakubogoza mu kukwima amajwi.

18. Biratangaje kandi birababaje kubona hariho abigira ko ari abahinga mu gutunganya ivy'igihugu ariko bacyumvira ko ubutegetsu bw'abenegihugu bugabanganwa hagati y'abanyamigambwe. Mbega muri icyo gihe bagabura ubutegetsu bw'abenegihugu, abataronse na bo baca baba abande, ko abarundi bose batohurira mu nzego z'igihugu ?

Mu gihe abanegihugu ari bo bafise urupfunguruzo rw'ubutegetsu, twabwira abanyamigambwe tworeka tugahiganisha imigambi, bakugomwe bakakwicarika ku ntebe y'uburongozi, bakuneguye ukemera ugasubira gutunganya imigambi yotuma mu nyuma bazokugomwa, na kare ngo : « Utashe imvumire wibuka gutabira ingundu ».

19. Turababazwa kandi n'indongozi ziterwa iryo teka ryo kuja imbere y'abandi, zigaca zibaza ko zigiyeye gusuhuka mu kwikwegerako ivy'igihugu.

Ivyo na vyo ni vyo bituma abenegihugu bata umwizero ku gihugu, bagatangura kurondera ingene bobogozwa uburungozi bwabo ikiringo kitarahera.

Mwen'izo ndongozi ni zimwe zibaza ko bazihaye kurya, kwica no gukiza, bagaheza bagatangura kugira aka mwana wa mama ariko gatera amacakubiri mu gihugu.

Abenegihugu ni bo sebuja w'indongozi, bariha amakori n'amatagisi ngo haboneke uburyo bwo kubatunganiriza iterambere. Mu gihe rero abakorera igihugu bashatse kurira amatama yose, bamenye ko « uwujya guhererwa ashya ku masabo ».

- Barundi, Barundikazi,
- Ncuti z'Uburundi,

20. Nabivuze, reka ndabisubire, Ukwikukira nyakuri ni ukwigaba kandi ukigaburira.

Ikibazo co kwibaza uno musu ni iki : Ko dufise vyose Imana yaduhaye, habuze iki ngo tuvavanure no gusega ibindi bihugu, ngo natwe tuje mu bihugu biteye imbere ?

Ico novuga uyu musu ni uko twasamaye, dutwarwa n'ibitagira mvura. Kandi mubimenye, ingwano y'ibihori iraryohere ibisiga.

Basokuru barayamaze ngo igiti ntikigukora mu jisho kabiri. Tuje hamwe twese, dushire imbere ibikorwa, tugwize umwimbu ni na ho tuzoba turiko turakomeza intahe y'ukwikukira.

Iterambere ntirizana riraronderwa, kandi riraruhisha, ariko mumenye ko uwushaka umubira abira akuya ko kandi atawurya akatamugoye.

Imana ahayo yaraduhezagije igihugu ciza, gifise isi nziza, amazi menshi meza, imvura ikwiye, agataka karimwo ubutunzi bwinshi, ubu ni ahacu ho gukura amaboko mu mpuzu, umwe wese

iyumvire ico yokora kuko umwanya twamaze twicaye, ivyo twari gukora biraturindiriye ; nta n'umwe yovuga ngo yabuze ico yokora.

21. Ku ruhara rw'inzeho nshingwabikorwa z'igihugu, ubu tugiye gushira abantu bose ku kivi.

Ku bakozi b'igihugu, twarafashe ingingo ko uwudakora adakwiye impembo, ahubwo akwiye gutaha kwikorera ivyiwe, areke guhenda abenegihugu.

Ivyo ni vyo bizotuma itunga ry'igihugu rituramira twese. Ni muri icyo ntumbero twaraye duhinduye itunganywa ry'ibwirizwa rigenga ikoresha ry'ikigega c'igihugu mu ntumbero y'uko amahera yose ajana n'igikorwa kigiye gukorwa. Ubu rero bizoshoboka ko abenegihugu bagenzura ibikorwa twakoze babicishije ku babaserukira. Abari mu rwego nshingwabikorwa, bazokwama na ntaryo berekana ico bakoresheje amahera bahawe, uwuzoba na we ataco yakoze aronke impera bakwiranye.

Ikindi twipfuzaga kubamenyesha, ni uko Reta yaraye yemeje amategeko yo kugabanya bwa busumbasumbane bw'imishahara ku bakozi ba Reta. Ahakeneye gukosorwa bikosorwe mu maguru masha. Vyongeye muri uku kwezi kw'indwi gutanguye, politike nshasha itunganywa itangwa ry'imishahara igiye gutangura kuja mu ngiro ku bakozi ba Reta. Biragaragara ko twese tugiye ku kivi, ata wurya umutsi uwundi, nta myaka cumi izohera tutarashika kw'ihangiro twiyemeje abakozi bose banezerewe, kuko uko umwimbu uziyongera n'iko umukozi azobibona mu turusho dutandukanye.

Ubu tugomba kwigisha indongozi kurangura amabanga bajewe, babona iyo baja gushika aho umwe wese ahejeje ikiringo yereka uwumukoreye mu ngata aho yari agejeje ikivi n'iyo gitera kija.

22. Ku bijanye n'abenegihugu bikorera ivyabo, aho tuvuze abarimyi, abanyamyuga, abahingura ivyimburwa n'itunga kama ndetse n'abadandaza, dushaka ko abizewe bose baba imboneza koko, bamurikire abandi, babe abatware barazwa ishingira no kubona abantu bose bari ku kivi mu rugamba rwo kugwanya ubukene.

Dushaka ko indongozi zija imbere mu gukunda no gukundisha abandi ibikorwa.

Twipfuzaga ko indongozi zifata nk'intwazangabo, abikorera ivyabo na bo bakaba inteko zo kugwanya ubukene. Urugamba na rwo ni uko umwe wese agira icyo akaze kigwiza umwimbu.

Ni cyo gituma tubasaba mwese kuja hamwe mu mashirahamwe n'amakoperative kugira imitwe ikore ikoranye. Gurtyo tugiye hamwe, nta nkeka ubukene tuzobutuzaga mu gihugu cacu. Ntimugire ubwoba bw'urugamba kuko turi kumwe twese birashoboka.

Ndabivuze gurtyo kuko nabonye ko hari abatinyaga gutangura, bagashakaga ba sebuja babahemba gusa, naho boboba bahomvye.

23. Mu bijanye n'iterambere rirama igihugu cacu cyemeje gushikako, ni ukumenya ibintu vyose bizana itungaga mu gihugu.

Ngaha iwacu turafise isi nziza n'ibihe vyiza bituma uburimyi bushobora gutera imbere na canecane ko mu Burundi ibiterwa vyose bihurumbirwa mu bindi bihugu bihamera. Uburimyi ni yo

nkingi ikomeye mw'iterambere kuko ivyokurya ni vyo nshingiro y'amagara meza, na yo agatuma tugira ingoga zo gukora.

Ni co gituma dusaba na ntaryo kwama twitwararika gukingira ibidukikije. Tuzomenya ko twakingiye isi yacu mu gihe cose tuzobona amazi yose y'Uburundi ari umusarara kandi ata si igaragara.

Aha iwacu kandi igihugu c'Uburundi gihagaze mu karere keza, korohereza ingenzi narirya dufise n'ivyiza turata, abanyamahanga bashobora kuza kunezererwa.

Ica gatatu dufise gituma tugwiza umwimbu ni ubutunzi buri mu gataka kacu, dushobora guhingura tugashora mu bindi bihugu. Ntihagire rero umurundi yijanjanjwako kuko umutahe turawufise ni ahacu rero kuwuhingura, tukawukamisha.

- Barundi, Barundikazi,
- Ncuti z'Uburundi,

24. Twavuze iterambere rirama ariko hariho ibitegerezwa guherekeza imigambi kugira ngo ibintu bigende neza.

Nko mu bijanye n'imibano turabona ko igwirirana ry'abantu riri mu bizingamika iterambere. Umuryango naho wokora gute, uronderera abantu benshi ntushobora kugira ico uziganya. Abana bakenera gufungura, kuryama, kwiga, kuvuzwa, kwambikwa n'ibindi. Ivyo vyose bisaba uburyo, ivyo bigatuma umuryango urenza abana batatu biwugora cane.

Kira noneho amatongo yaraze, hamwe twoguma kuri uyo murindi wo kuvyara, vyoshika tukazosanga igihugu cose kigizwe

n'amazu hanyuma duce twicwa n'inzara kubera ubukene bw'amatongo.

Mu ntumbero yo gutera imbere, ntibishoboka umuntu wese adashobora kuziganiriza ejo, ryoba ari iterambere rimara umwanya urume rumara, kandi dushaka iterambere rirama. Uretse n'ivyo, igihugu gitera imbere gitekanye. Ngira ntawokwirengangiza ko no mu masentare ibibazo vy'amatongo ari vyo vyiharije igice kinini c'ianza.

25. Turabona kandi agahaze kuko abarundi batari bake ntibari ku kivi. Aha twovuga abirirwa bicaye mu bisagara, impunzi zitarahunguka n'inkozi z'ikibi ziri mu mabohero. Urwo ni uruhombo kuko abarundi bose bategerezwa kuja ku kivi.

Ku bijanye n'Abarundi bakiri mu buhungiro, turashima ko igice kinini kimaze gutahuka kandi ko n'abandi babandanya bashika mu gihugu c'amavukiro; turashimishwa kandi n'ingene abasangwa bakirana igishika benewabo mu kubashigikira mu vyo bakeneye mu gihe bataba bareza ivyo bashitse barima.

26. Ku bantu bicaye mu bisagara na bo, nibamenye ko kurya wicaye ari ukwonka iyatetse kuko ni aho kuba abafise ico bakora gusa. Barya mwatse indaro ni ukubera ubuntu buranga Abarundi nayo harya usanga barashegeshwe.

Nimwegere iyo muva kuko niho mufise musu y'urugo hoho mworima agatoke, mukworora n'udutungwa.

Ni iyo ntumbero yatumye uburongozi bw'igihugu bwiyumvira inzira yo gusahiriza mw'iterambere mu gushigikira abenegihugu biyegeranirije mu makoperative, canecane urwaruka n'abakenyezi.

Ku bari mu bihano na bo kubera ububegito, nta kindi twokora atari ukuguma twigisha akarangamutima k'umurundi kugira twese tugendere ubuntu. Gurtyo inkozi z'ikibi zigabanuke mu gihugu.

27. Mu bintu biraje ishingira Reta, urwaruka n'abakenyezi bafata ikibanza ca mbere, bivanye n'uko iyo mirwi ari yo igize igice kinini c'Abarundi, kandi ko ari bo igihugu gitegerezwa kwubakirako umushinge w'iterambere.

Ni muri iyo ntumbero ingingo zitandukanye zifatwa ku neza yabo, kugira ngo ishigikirwe yongere ifatwe mu mugongo, tukaba dushima ko twereka ababona kandi bashashaye iterambere, twihweje ingene bariko baratunganya ingabire y'amabanki baronse.

➤ Barundi, Barundikazi,

➤ Ncuti z'Uburundi,

28. Mu guhimbaza isabukuru y'ihabuzwa y'intahe y'ukwikukira, twogaruka kw'ikete Umuganwa Rudoviko yandikiye Rezida w'Uburundi kw'igenekerezo rya 29 Mukakaro 1960, yerekana amahinyu mu bijanye na poritike ku ntwaro y'abakoloni, yagize ati : « Turahakanye kwerekwa aho duca tutari impumyi ; twipfuza gufashanya tudahendana, twubahana ku rugero rungana. Mugabo, ntibigasubire kuba na rimwe ko dufatwa nk'umwana agamburukira Se ku gitsure ».

29. Aha rero, tworaba ko uno musu, ivyacu tubitunganiye neza, ko tutakizera inze, ko twigaba tukigaburira.

Imyaka mirongo itandatu tumaze twitunganiriza ivyacu, yerekana ko dukuze, tutagikeneye uwudufata akaboko, ubu dukeneye abo tujana mu nzira y'iterambere.

Abarundi rero tubasaba gukunda ibikorwa kuko ari vyo biha icubahiro n'iteka umuntu mu kibano, mu gihugu no mu makungu. Igihugu cacu tugiheshe iteka mu vyo dukora aho turi hose imbere y'abanyamahanga.

- Barundi, Barundikazi,
- Ncuti z'Uburundi,

30. Imbere yo gusozera, twagomba tubavunire akagohe ku vyo twokwitwararika mu gutsimbataza intahe y'ukwikukira:

Imbere ya vyose, hari igisumba ikindi : amahoro n'umutekano. Mu gihugu kirimwo umudugararo, twarabibonye, abanyamahanga ni bo biha ijambo. Aha rero twame tuhagabiye.

Ubwa kabiri, twame tuzirikana iri jambo: Turi kumwe twese birashoboka. Mu gihe tuzoba turi mu bumwe, tugakora dusenyera ku mugozi umwe, nta nkeka ko tuzoshika kw'iterambere rirama kandi ribereye. Dukorere hamwe twese kuko tubiri tuvurana ubupfu. Uwateye intambwe na we aze aribuka gufata ukuboko mugenziwe, amwunguruze.

Ubwa gatatu, twamize ku muzirikanyi ko atawuvuka rimwe ngo yuzure ingovyi, tuve mu myidodombo, dushime aho tugeze hanyuma twigire inama yo gutera iyindi ntambwe.

Kenshi dusamazwa n'abateye imbere kuva kera turi mu ndyane hanyuma tugaca twiheburu. Ni co gituma benshi baja mu

bigeragezo vyo gutunga vuba kandi batarushe bigatuma baja mu nabi. Izo zibika zari amagi, natwe tuzohashika, turapfa gusa kwihangana ntidusubire mu ndyane.

Ubwa kane, ni uko twomenya ko igihugu kitagira akaranga kiba gisa n'icapfuye. Dukore ibikorwa vy'iterambere dushingiye ku karanga kacu. Ivyo tubibwira ahanini urwaruka kuko ruhanganye n'ubuhinga bw'iki gihe butuma umuntu yiyibagira iyo ariko araja, ngo yabonye ibiryoharajisho. Dusavye rero abavyeyi kugarukira indero y'urwaruka, bagaruke kuri ya ndero yo ku ziko, bereke abana umwonga uhuma n'udahuma, babarinde kujana nyabahururu, maze twisunge imico n'akaranga vyacu mw'iterambere.

- **Bavukanyi,**
- **Barundi benewacu!**

31. Mu gusozera nagomba ndabibutse ko Imana yaduhaye igihugu ciza c'Uburundi, iduha kwitwa Abarundi, tubinezerererwe rero kandi tubigendere, tumenye ko turi ba Samuragwa baco kandi ko natwe tuzokiraga abacu.

Indyane zazingamitse igihugu cacu ni kimwe mu bituma hari Abarundi bakimaramara, bagatinya no kwemanga no gukorera igihugu cabo kuko casa n'igicibwa.

Ubu ibintu vyarahindutse neza kandi cane, ari co gituma dutegerezwa kwirata, tukarata ishusho rishasha ry'igihugu cacu mu kukiyaga neza aho turi hose.

Nidutsimbataze intahe yacu y'ukwikukira, umwe wese akore yiteze imbere, azoba ariko ateza imbere igihugu.

Twame tugendera ubuntu, ubutwari n’ubumwe vyamye biranga Abarundi.

Indongozi zose zigenze nk’abavyeyi imbere y’abo zirongoye, zirinde akarenganyo no gukora ivyo vyose vyotuntuza umutima abenegihugu zijejwe.

Twame twibuka ijambo Ludoviko Rwagasore yashikirije igihe yariko atanguza “koperative kavukire yo gusumiramwo COPICO (Coperative Indigène de Consommation), bitewe n’uko ibiciro vy’ibifungurwa vyaguma biduga kumbure kubera abitambika hagati y’umugwizatunga n’umusumyi.

Yavuze ati: “Ico mutokekeranya, ni uko mu gihe amashirahamwe y’amakoperative atunganije neza, agafashwa kandi agahimirizwa, igihugu cacu cotera imbere mu mpande zose mu butunzi, ku buryo nyabwo kandi burama”.

Ese indongozi aho ziri hose, haba mu mashirahamwe y’abenegihugu canke mu bisata vy’inzego z’igihugu bovyumva uko; ibindi vyose vyoza vyogerako.

32. Ni kuri ako kamo ndangirijeko, nsubira kwipfuriza Abarundi bose, ababa mu Burundi n’ababa mu mahanga umusi mukuru mwiza.

Muwuhimbaze muzirikana kandi mushira mu ngiro iki civugo kivuga ngo: « Duture igihugu cacu amaboko, umutima n’ubuzima, Uburundi bugire iteka ».

Nihahangame igihugu cacu n’intahe y’ukwikukira,

Imana ihezagire Uburundi n’Abarundi,

Murakoze